

Intangamarara: Uko wofata abansi bawe

⁴³ « Mwarumvise ko vyavuzwe, ngo Mukunde bagenzi banyu, mwanke abansi banyu. ⁴⁴ Ariko jeho ndababgire: Mukunde abansi banyu, musabire ababahama,

⁴⁵ kugira ngo mube abana ba So wo mw ijuru, kukw atuma izuba ryiwe rirasira ababi n'abeza, kand' aha imvura abagororotsi n'abagabitanya. ⁴⁶ Ni mwakunda ababakunda, muri n'impera ki? Mbeg' abatozakori bo si ko bagira? ⁴⁷ Ni mwaramukanya n'incuti zanyu gusa, abandi muzoba mubarusha iki? Abanyamahanga bo si ko bagira?

⁴⁸ Mwebge ni mube agahore, nk'uko So wo mw ijuru ar' agahore.

Yesu, Matayo 5:43-48

Kuba umukristo Yisunga Abaroma 12 si ibintu bigoye....

*...Nti **BISHOBOKA!***

Isubiramwo Rihambaye: Umukirisu yisunga Abaroma 12

1. Amategeko yo mu Baroma 12 ni inyifato y'ukwizera tugira kubwo ubutumwa bw'ubuntu n'Imbabazi vy'Imana kuri twebwe dusanga kuva ku gice ca 1 gushika ku ca 11.
2. Abakirisu bisunga Abaroma 12 bashira imbere **IMIGENDERANIRE** ntibashira imbere amategeko n'ibikogwa vy'amashengero.
3. Abakirisu bisunga Abaroma 12 intumbero bashira imbere ni **URUKUNDO**.
 - Gukunda Imana biciye mukuyegurira ubuzima.
 - Kwanka gukunda amasezerano y'ikinyoma y'Isi.
 - Kwikunda kubwo ico Imana yatugize ngo tube co.
 - Gukunda bene Data biciye mu gukorera abandi mu kwitanga.
 - Gukunda abansi bacu mu kwitura ivyiza abatugiriye inabi.

Kuneshesha Ikibi Iciza:

Abaroma 12:14-21

¹⁴Ababahama mubahezagire; mubahezagire, ntimubavume;¹⁵ munezeranwe n'abanezerewe, murirane n'abarira. ¹⁶ Muhuze umutima; ntimushire umutima ku bikomeye, ariko mugendane n'ivyiyoroheje. Ntimwiyite abanyabgenge. ¹⁷ Ntimusubirize umuntu mu nkoko ikibi yabagiriye; mubabare gukora ivyiza imbere y'abantu bose. ¹⁸ Namba bishoboka, mu ruhande rwanyu, mwuzure n'abantu bose. ¹⁹ Abo nkunda, ntimwihorane, ariko muhe uburyo uburake bg'Imana: kuko handitswe, ng' Uguhora n'ukwanje, ni jewe nzobasubiriza mu nkoko, ni k'Uhoraho agize. ²⁰ Ariko, Umwansi wawe ni yasonza, umugaburire; ni yagira inyota, umuhe ic' anywa: kuko ni wagira urtyo, uzoba umurunzekw amakara yaka ku mutwe.

²¹Ikibi coye kukunesha, yamara ikibi ukinesheshe iciza.

Inyifato ishimikiye ku Baroma 12 twogira iyo tugiriwe nabi:

Itegeko ryiza ry'ico twokora = « Ababahama **MUBAHEZAGIRE** . »

- Imbabazi – Abaroma 12:14
- Ukwishira mu kibanza c'abandi – Abaroma 12:15
- Ukwifatanya n'abandi – Abaroma 12:16

Itegeko ry'ico tutokora = « Abo nkunda **NTIMWIHORANE**. »

- Abantu b'Imana ntibemerewe kwihora ubwabo – Abaroma 12:17-18

- Impamvu zibiri zikomeye zerekana ko kwihora kizira –

Abaroma 12:19-20

1. Ni ukwiba uburenganzira bw'Imana bw' **UMUCAMANZA**.
2. Ni inzira idashika mu kuzana **AMAHORO**.

Umusaruro ndengakamere wavyo = **ICIZA** kizonesha ikibi. Abaroma 12:21

Ibibazo vyo gushira mu ngiro Inyigisho ku giti c'umuntu:

1. Twisunze Abaroma 12: 14-21, ni gute twokwifata mugihe tugiriwe nabi canke turenganijwe? Mbega ibi bitandukaniye he n'ibibazo bisanzwe bijanye n'imanza z'amatati canke z'ivyaha?
2. Ni gute Yesu yaduhaye akarorero ko kuneshesha ikibi iciza mu buzima bwiwe?
Mu rupfu rwiwe?
3. Ni uwuhe muntu canke ni ibihe bintu vyashitse mu buzima bwawe (haba muri kubu canke muri kahise) biraheza birakugora « guhezagira » nk'uko twabibonye mw'iki gisomwa?
4. Ni kuki bigoye kubabarira vy'ukuri ndetse no guhezagira abantu bagukomerekeje cane?
5. Ni ukuhe gutahura gushasha waronse kuzogufasha guhangana n'ikibi n'akarenganyo wagiriwe muri kahise?
6. Ni iyihe ntambuko yawe ya mbere mu kuneshesha ikibi iciza?
7. Ninde yoshobora kugufasha gutera iyo ntambuko ya mbere no gushitsa ivyo wasezeraniye Imana?